

ACHTE AK KAT eWIC MWEN

Ou ka pa kapab achte kèk manje lè ou itilize WIC si:

- ✓ Atik manje a pa fè pati plan / benefis WIC fanmi ou
- ✓ Benefis ou yo fini
- ✓ Atik manje a pa sou lis WIC apwouve yo

Èske mwen ka achte atik ki pa nan WIC yo an menm tan?

Wi. Sèvi ak kat eWIC ou an premye. Lè sa a peye pou lòt bagay yo on lòt fason. Itilize SNAP, yon kat kado, lajan kach, oswa yon kat bankè.

E si mwen pansé gen yon manje WIC ki pa nan lis WIC apwouve?

Si ou kwè gen yon manje ki nan lis WIC Foods Guide yo te apwouve men yo bliye mete, men ki sa ou ka fè:

- ✓ Pale ak anplwaye makèt la
 - ✓ Pale ak ajans WIC lokal ou a
 - ✓ Ale nan <https://nyswicvendors.com>
- Mande si yo ka ajoute manje a nan lis WIC apwouve a.

Kouman pou mwen jwenn yon makèt WIC apwouve?

- ✓ Sèvi ak **WIC2Go**, app mobil lan
- ✓ Mande ajans WIC lokal ou a
- ✓ Ale nan sit www.health.ny.gov/wic
- ✓ Ale nan sit www.nyswicvendors.com

E si mwen bezwen yon lòt moun pou achte manje WIC yo pou mwen?

Bay kat eWIC ak nimewo li a moun ou fè konfyans.

PRAN SWEN KAT eWIC OU

E si kat eWIC mwen pèdi, yo vòlè oswa li domaje?

Rele Sèvis Kliyan WIC nan **1-844-540-3013** pou anile kat ou. Pran randevou nan ajans lokal ou pou jwen yon nouvo kat.

Kouman pou mwen pran swen kat eWIC mwen an?

SA POU FÈ:

- ✓ Sere li byen. Ou pral sèvi ak li chak mwa.
- ✓ Kenbe kat ou an sekirite
- ✓ Pa grave liy nwa dèyè kat la

SA POU PA FÈ:

- ✓ Jete kat la si ou itilize tout benefis yo. Ou pral sèvi ak menm kat la chak mwa
- ✓ Sere kat la tou pre leman oswa ekipman elektrik tankou telefòn mobil yo
- ✓ Kite kat la nan solèy oswa lòt kote cho tankou devan on machin

Kilè mwen ta dwe rele Sèvis Kliyantèl?

- ✓ Si kat eWIC ou pèdi oswa yo vòlè li
- ✓ Si kat eWIC ou a pa travay
- ✓ Si yon moun ap itilize kat eWIC ou san pèmision ou
- ✓ Si ou bezwen konnen balans benefis WIC oswa dat li fini
- ✓ Si ou bliye PIN ou
- ✓ Si ou vle chanje PIN ou
- ✓ Si ou bezwen èd ak kat eWIC ou

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal.

**GID ETA
NOUYÒK
POU KAT eWIC**



KAT eWIC AK PIN MWEN

Ki sa ki se yon kat eWIC?

Ou ka itilize kat sa pou achte manje WIC apwouve nan makèt WIC yo. Ajans lokal WIC ou pral ajoute benefis fanmi ou nan kat ou a.

Ki sa PIN lan ye?

PIN vle di nimero idantifikasyon pèsonèl. Se yon kod sekre ki gen kat chif, ki pèmèt ou itilize kat WIC ou. Ou pral chwazi PIN ou lè ou aktive kat WIC ou.

Kouman pou mwen chwazi PIN mwen an?

Pou aktive nouvo kat eWIC ou epi mete yon PIN, rele Sèvis Kliyantèl la nan **1-844-540-3013**. Wap bezwen konnen:

- ✓ Sèz chif kat eWIC la
- ✓ Kòd postal ou
- ✓ Dat ou fèt

Kouman pou mwen chwazi PIN mwen?

Chwazi yon PIN ki gen kat chif, ki facil pou ou sonje, men difisil pou yon moun devine.

Kouman pou mwen kenbe PIN mwen an sekirite?

- ✓ Asire ou ke pa gen moun ki ap gade
- ✓ Pa ekri PIN ou sou kat eWIC ou
- ✓ Pa kenbe PIN la nan bous ou oswa valiz ou

E si mwen bliye PIN mwen an oswa mwen bezwen ranplase li?

Rele Sèvis Kliyan nan **1-844-540-3013** oswa ale nan sit **www.EBTedge.com**. Ou pral bezwen bay dat ou fèt ak adrès postal ou.

E si pandan mwen nan makèt epi mwen mete yon PIN ki pa bon?

Ou gen twa chans an plis pou eseye. Katriyèm fwa yap fèmen kont ou. Ou pap kapab itilize kat la jiska nan landemen. Oswa ou ka rele Sèvis Kliyantèl. Yo pral ranplase PIN ou.

BENEFIS MWEN AK KAT eWIC

Kouman pou mwen jwenn benefis WIC sou kont WIC mwen an?

Nan randevou WIC ou, anplwaye WIC pral ajoute benefis ou nan kont WIC ou. Ou pral jwenn yon lis benefis fanmi ou pou twa mwa. Lis la ap gen dat lè benefis ou kòmanse ak lè li fini.

Èske mwen ka achte tout benefis WIC yo yon sèl fwa?

Non. Ou ka achte manje WIC lè ou bezwen.

Èske mwen ka itilize kat eWIC mwen plizyè fwa?

Wi. Kenbe kat eWIC ou epi ale avek li nan tout randevou w yo.

Kijan pou mwen konnen balans benefis WIC ak dat lè li fini?

Gen senk (5) fason ou ka jwenn enfòmasyon sa a:

- ✓ **WIC2Go** app mobil lan
- ✓ dènye resi makèt ou
- ✓ ale nan biwo kliyan makèt ou
- ✓ rele Sèvis Kliyan nan **1-844-540-3013**
- ✓ vizite **www.EBTedge.com**

E si mwen gen kesyon sou benefis mwen yo? E si mwen bezwen chanje benefis mwen oswa manje ti bebe mwen an?

Mande WIC anplwaye ajans lokal la pou chanje benefis ou oswa manje ti bebe a

Ki sa ki WIC2Go?

WIC2Go se yon app mobil pou patisipan WIC Eta New York yo. **WIC2Go** ka ede w:

- ✓ Lis randevou yo
 - ✓ Tcheke balans mwa a, e dat kat la fini
 - ✓ Eskane pwodwi yo pou wè si yo WIC apwouve
- WIC2Go** ka telechaje nan Apple App Store la oswa Google Play.

ACHTE AK KAT eWIC MWEN

Kijan pou itilize kat eWIC ou lè ou al achte:

Etap yo kapab varye nan diferan magazen.

1. Itilize lis acha WIC ou, balans benefis, Gid Manje, ak WIC2Go pou chwazi manje WIC yo.
2. Chwazi yon liy kesye ki aksepte WIC.
3. Mete pwodwi WIC yo an premye, devan lòt manje.
4. Verifye resi nan mitan tranzaksyon an pou apwouve avantaj WIC ki itilize yo.
5. Pase kat eWIC ou epi mete PIN 4 chif ou. Pa pataje PIN ou avèk anplwaye magazen an.
6. Itilize yon lòt fòm peman pou pwodwi ki pa nan WIC.
7. Kenbe resi makèt ak kat eWIC pou yon lòt fwa ou pwal achte.

